# TALANT SHOQQÍLARÍNA PÁRWAZ

**J.Xojanov** – *docent w.w.a*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** teatr, rejissyor, aktyor, spektakl, saxna, orkestr, obraz, drama, opera, balet, muzıka, baletmeyster, liberetto.

**Ключевые слова:** театр режиссёр, актёр, спектакль, сцена, оркестр, драма, опера, балет, музыка, балетмейстер, либретто.

**Key words:** theater, director, actor, performance, stage, orchestra, image, drama, opera, ballet, music choreographer, libretto.

Najimaddin Muxammeddinov – bul ism biziń xalqımızdıń hárbir jası úlkeni menen jası kishisine birdey tanıs. Bul attı esitkenimizde kóz aldımızda qaraqalpaq xalqınıń muzıkasın shıńlarǵa jetkergen, tákirarlanbas talant iyesi kóz aldımızǵa keledi. N.Muxammeddinov óziniń ozıq oyı hám joqarı estetikalıq talǵamı menen suwǵarılǵan, kewil qorı menen jazılǵan, jeti notaǵa álemniń gózzallıǵın jámlegen qaraqalpaqtıń qunlı muzıkalıq dóretpelerin jaratqan ullı tulǵa bolıp esaplanadı. Onıń ótken hám búgingi ásirimiz ushın islegen bay ruwxıy jumısları sózimizdiń dáliyli bola aladı. Qaraqalpaq xalqınıń milliy koloritke, milliy ırǵaqqa bay, kewildiń názik tarların sherte alǵan, onı muzıkanıń iri janrları bolǵan opera, balet, simfoniya shıǵarmalarına aylandıra alǵan talant iyesi búgin óziniń 85 jasqa tolǵan torqalı toyın belgilemekte. Bul toy tek ǵana onıń shańaraǵı ushın emes, bálkim pútkil respublikamız jámáátshiligi, qosıqsúyer xalqımızdıń bayramı desek asıra aytqan bolmaymız. Óytkeni, Najimaddin Muxammeddinov Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik gimnin jazǵan, birinshi milliy opera hám tuńǵısh baletti, birinshi simfoniyanı dóretken, bárhama birinshilikti qoldan bermey, talantlılar arasınan top jarıp shıqqan ustaz kompozitor bolıp tabıladı. Ómiriniń derlik barlıq bólegin ózi súygen kásibine baǵıshlaǵan, xalqımızdıń bay milliy miyrası bolǵan milliy muzıkasın rawajlandırıwǵa at salısqan qaharmanımız búgingi kúnde jaslarımızǵa órnek bolatuǵın záberdes dóretiwshilerimizden sanaladı.

Onıń basıp ótken ómir hám dóretiwshilik jolı jas kompozitorlarımızǵa óz aldına úlgi mektebi boları sózsiz. N.Muxammeddinov tek ǵana kompozitor emes, ol ustaz, ol súyikli áke, sheber basqarıwshı, jámiyetlik isker hám ullı ǵayratker insan. Dóretiwshiligi dawamında 300 den aslam romans hám qosıqlardı kámine keltirip dóretken, olarǵa qosa iri kólemli muzıkalıq saxna shıǵarmaların jazǵan arxivi bay insan sanaladı. N.Muxammeddinov qanday qıyın juwapkershilikli mámleketlik wazıypalardı atqarıwına qaramastan muzıka álemin óziniń ómiriniń mazmunına aylandırdı. Talantlı, professional kompozitor jalıqpastan dóretiwshilik miynet etiwiniń arqasında qaraqalpaq saz áleminde jańalıq jaratıp, professional muzıka dúnyasında ózine tán mektep jaratqan ullı kompozitorǵa aylandı. Buniń bir mısalı retinde ullı shayır Ibrayım Yusupovtıń librettosına jazılǵan «Ájiniyaz» operasın atap kórsetken orınlı boladı. Qaraqalpaqlardıń tuńǵısh operası «Ájiniyaz» N.Muxammeddinovtıń tınımsız miynetleriniń miyrası bolıp dúnyaǵa keldi. Ol bul shıǵarmasına xalıq namaların tiykar etip alıp, óziniń qálbinen qaynap shıqqan jarqın reńli saz aǵımı menen suwǵarıp, rawajlandırıp, úlken simfoniyalıq orkestr ushın tıńlawshılardı erksiz ózine tartatuǵın professional muzıka galereyasın jarattı. Bunday úlken shıǵarmalar N.Muxammeddinovtıń dóretiwshiliginde kópshilik atamanı quraydı. Máselen, «Ayjamal» baleti, Nájim Dáwqaraevtıń «Alpamıs» pyesası, Keńesbay Raxmanovtıń «Toǵız tońqıldaq, bir shińkildek» komediyasın, Qaraqalpaqstan kantatası, «Posqan el» simfoniyalıq poeması hám taǵı basqalar. Solardıń ishinde ayrıqsha atap keltiretuǵınımız N.Dáwqaraevtıń «Alpamıs» pyesasına jazılǵan kompozitordıń namaları shıǵarmaǵa jańa reń, jańa hawaz, mazmun berip bayıtqan. Ásirese, kompozitordıń sońǵı jılları jaratılǵan Moynaq penen Aral teńizin jırlawshı milliy qosıqları, «Gúlayım» etnooperası hárbir jas dóretiwshini ilhamlandırıp, alǵa qaray qádem basıwǵa iytermeleydi. Televizor yaki radiodan onıń qosıqların esitip qalsaq, basqa kompozitorlardan milliy ırǵaqqa baylıǵı, sazında qanday da bir xalqımızdıń milliyligi qaynar bulaq kibi aǵıp sıldırlaǵan sesleri arqalı janǵa jaǵımlı qosıqları dál sol Najimaddin aǵanıń avtorlıǵındaǵı dóretpe ekenligin dárriw-aq ańlaysań hám kompozitorǵa tásiyin qalasań. Ózine tán stili, ózine tán janrlıq jandasıwı bar kompozitorǵa xalqımız álleqashan óziniń joqarı bahasın bergen. Dóretiwshi ushın xalıqtıń haq pátiyasınan, xalıq mehrinen hám alǵısınan asqan aǵla baha joq bolsa kerek dep esaplaymız. N.Muxammeddinov hárbir jańa shıǵarması menen usınday joqarı bahalarǵa erisip kelmekte. Shayırdı júzege shıǵaratuǵın, hárbir atqarıwshını saxnada alıp shıǵatuǵın bul

kompozitor bolıp tabıladı. Bul úshliktiń birge islesiwi arqalı joqarı talǵamdaǵı óner úlgisi jarıqqa shıǵadı.

Najimaddin Muxammeddinovtıń shıǵarmaların esitkenimizde olardı jáne qayta-qayta tıńlaǵıń kelip, qulaq qurıshıńdı qandırǵıń keledi. Óytkeni, onıń shıǵarmaları birinshiden, milliylik penen suwǵarılǵan, ekinshiden insannıń júrek-júregine tereń kirip baradı, úshinshiden bolsa ol shıǵarmalar xalıqtıń kewil keshirmeleri menen miynetkeshligin jırlaǵan joqarı úlgidegi miynetler bolǵanlıqtan biz olardı tıńlawdan jalıqpaymız. Kerisinshe, ilham-yosh alamız.

N.Muxammeddinov óziniń dóretiwshilik sheberligi, xalıq ushın islegen tınımsız miynetleriniń sıylıǵın xalqımız tárepinen de húkimetimiz tárepinen de ádil bahalawlar arqalı aldı. Oǵan 1974-jılı «Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri», 1977-jılı «Ózbekstanǵa miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri» húrmetli ataqları berildi. 1974-jılı Hamza atındaǵı Ózbekstan mámleketlik sıylıǵın, 1994-jılı Berdaq atındaǵı Qaraqalpaqstan mámleketlik sıylıǵın alıwǵa miyasar boldı. 2002-jılı «Mehnat shuhrati», 2007-jılı «El-yurt hurmati» ordeni, sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń «Ardaqlı nuranıy» sıylıǵı menen sıylıqlandı. Adam balasın ardaqlawlar, sıy húrmetler jáne de jasartadı. Onıń kewlin kóklerge kóteredi. Najimaddin aǵaǵa búgingi kúnde xalqımızdıń usınday ardaǵı hám alǵısı ele de kúsh-jiger baǵıshlaydı. Biz onıń hárbir jaratqan dóretpesinen, júrgen jolınan úlgi alıwımız kerek. Ol hárbir dóretpesi ústinde tereń oylanıp, asıqpastan isleydi. Bul pazıylet áyne búgingi kún ushın en bir taptırmas qásiyet esaplanadı. Najimaddin aǵa óz shıǵarmaların jazıp, notaǵa túsirip, saxnada atqartıp qoymastan olardı xalqımızdıń tariyxına mórlew, keleshek áwladqa jetkeriw ushın baspadan túrli tillerde shıǵarıwǵa da erisken miynetsúygish, jankúyer insan. Najimaddin aǵa muzıka báygisinde ele óz atın jeldirip shawıp kiyatırǵan shabandoz sıyaqlı ele shabısın dawam etip, xalqımızdıń kórkem ónerine óziniń biybaha muzıkalıq miyrasların jazıwdı dawam ete beredi. Bul iygilikli islerinde, aydın jolda Najimaddin aǵaǵa tawsılmas kúsh jiger, bekkem densawlıq hám yosh ilham tilep qalamız.

**Ádebiyatlar**


1. Bayandiev T. «Qoraqolpoq teatr tariyxi» T., UzDSI, 2009
2. Tursunov T. «Sahna va zamon». T.: Yangi asr avlodi, 2007.
3. Matyakubova G. «Qaraqalpaq saz dunyasınıń sárdarı» Nokis, «Bilim», 2022.


**REZYUME.** N.Muxammeddinov xalqimizning har bir farzandi uchun yaqindan tanish. Bu ismni eshitganimizda koʻz oʻngimizda qoraqalpoq xalqining musiqasini baland choʻqqilarga olib chiqqan betakror isteʼdod egasi namoyon boʻladi. N.Muxammeddinov oʻzining chuqur fikrlashi va yuqori estetik didi bilan sugʻorilgan qalb nolalari bilan yozilgan, yetti notaga olamning goʻzalligini jamlagan qoraqalpoqning bebaho musiqiy asarlarin yaratgan buyuk dargʻa hisoblanadi.

**РЕЗЮМЕ.** Н.Мухаммеддинов – хорошо известен каждому ребенку нашего народа. Когда мы слышим это имя, мы видим перед глазами уникальный талант, который поднял музыку своего народа на огромную высоту. Н. Мухаммеддинов своим глубоким мышлением и высоким эстетическим вкусом написал красоту мира в семи нотах, великий дарга, создавший бесценные музыкальные произведения Каракалпакии.

**SUMMARY.** N.Mukhammeddinov is familiar to every child of our nation. When we hear this name, we see before our eyes a unique talent who brought the music of the Karakalpak people to great heights. N. Mukhammeddinov is considered to be a great artist who created priceless musical works of Karakalpak, written with heartfelt laments, filled with his deep thinking and high aesthetic taste. The rich cultural and educational works he created for the past and present age can be the proof of our words.